


Planting Diagram



f) Kubvisa Sora

- Bvisa sora richiri pfupi chose
- Izvi zvinokupa nguva yakareba yekuzorora.
- Munda ngausaregerwa uchiita sora nguva ipi zvayo.
- Tora maawa maviri chete pazuva uchisakura sora
- Sakura usadhiga, danbura midzi, kunze kwekuti kana sora richida kufiritwa kana kudzurwa

g) Kubvisa

- Siya zvirimwa zviriri chete pagomba rega rega (izvi zvakakoshesha!)
- Dzura chirimwa chisiri kuita zvakanaka kana chepakati kana zvamera zviri zvi-tatu.
- Siya zviri zvitatu pagomba kana gomba rawabva kusiya chirimwa chimwe chete chamera, kuti kurambe kuine zvirimwa zvakaenzana nezviviri pagomba rega rega mumunda.

h) Feteraza yeTop Dress (kana iripo)

- Kana zvirimwa zvamera mushure menasvondo mana isa fetereza kekutanga zvichienderana nekudiwa kwayo – 5ml komichi kana 200ml mufudze wehuku.
- Kepiri, pachinenge chobuda muचेचेतेते – 5ml komichi kana 200ml mufudze wehuku.
- Isa 10ml kubva pachirimwa kumusoro kwechirirwa (kunobvamvura kana yoyerera)

RANGARIRA KUTI ZVIRINANI KURIMA ZVAKANAKA PANZVIMBO DIKI, PANE KURIMA ZVAKAIPA PANZVIMBO HURU. ITA ZVAUNOKWANISA CHETE. KURIMA KUNODIWA NAMWARI

Kurima Kunodiwa NaMwari ibasa rakatangwa nevaApostori, kuitira kuti shoko raMwari riparidzwe, kereke dzosimbaradzwa nekudyarwa, humambo hwaMwari huchipararira nenyika, takanangana nekurima kunoendeka zvichishandura vanhu, matunhu, nenyika dzose

Kana muchida kunzwa nezveFF tsvagai:

River of Life Christian Church Westgate, Plot P Arnott Rd, Mt Hampden, Harare, Zimbabwe

E-mail: admin@foundationsforfarming.org

Website: www.foundationsforfarming.org

Kana tikakumbira Mwari HUCHENJERI hwake kuti tinzwisise FfF, neKUTENDA, tichiita NEMWOYO WEDU WESE, anotibatsira kuti tive hurudza dzine mukurumbira pasi pose.

Foundations for Farming Muchidimbu



Moyo weKurima Kunodiwa naMwari

Kurima kunodiwa naMwari kuri panheyo yehumwe hwaMwari.

Ishe Jesu vakati, “Ndini nzira, zvokwadi nehupenyu” Ishe

Jesu ndivo vakakosha pazvose zvakare,

zvanhasi, nezvamangwana Mwari baba vakatuma mwanakomana wavo kuitira kuti ivo vazviratidze kwatiri. Ishe Jesu vakati, “Kana mandiona ini, matoonawo nababa vangu.” Mwari baba vakupa simba nehukuru pazvose zviri kudenga nepanyika kuna Ishe Jesu ndivo vatinotarisa kwavari po tinotsvaga zvokwadi nehutongi hwakarurama.

Basa redu rekurima nenzira inodiwa naMwari tinoda kuriita kuburikidza nesimba raMweya Mutsvene, tichitevera nzira tsvene yamararamiro Muhupenyu yatakaratidzwa nalshe Jesu. FfF. inotiratidza nyasha dzaMwari pakuti haatisungiri kuva nyanzvi ipapo asi anofara apo tinotarisa kwaari nemoyo yedu yose, tichikurumbira Mweya Mutsvene kuti utibatsire kutevedza zvose zvaakatidzidzisa nenzira yake yaanoda.

Patinoti, “Nenzira yake” tirikutura maringe nekuzvinipisa kwalshe Jesu mukuteerera nekuita zvose zvakatumwa naMwari baba, rudo rwako rwusinganyengeri nekusarudza, kuzvinipisa kwavo zvakare nekusava nehumbimbindoga: Iyi inheyo kwatiri inoratidza mamiriro emoyo yedu pazvose zvatinodzidzisa nekuita mu FfF.

Nekuda kwerudo rwaMwari hukuru hwake, nehuvepo hwake, tinotarisa kwaari, tichitenda Mwari nemoyo yedu yese, tisingazemberi paruzivo rwedu nekunzwisisa kwedu. Asi tichiona kubata kwake panezvatinoita zvese, nekuti ndiye anotwasanudzwa nzira dzedu dzese (Zvirevo 3:5-6). Kutsvaga Mwari nemwoyo yedu yese chinhu chakatikoshera zvikuru se FfF (Jeremia 29:15)

Moyo weFfF unobuda pashoko riri muna 1VaKorinte 10:31 yatakapiwa naMwari kwakatarisa mukurumbidza Mwari pazvose zviri maringe nekurima.

Nheyo mbiri dzemubhaibheri dzkatarisana nekurima nenzira inodiwa naMwari

• Kuvimbika panezvidiki

- ⇒ panyaya yemubhaibheri yavashandi vakapihwa matarenda tinoonakuti tikavimbika pazvidiki, Mwari anotiwedzera, asi tikasavimbika pazvidiki, izvo zvatiinazvo anotitorera.
- ⇒ ngativimbikei neCHOKUTANGA icho chakapiwa Adamu naMwari chinova icho ivhu, ndipo paanotiwedzera maindasitiri nezvimwe.

• Kupa kuti tigamuchire

- ⇒ Izvi zvinopwanya joko nehumbimbindoga.
- ⇒ Hatingaramba tichingatora muvhu tisati tatanga nekupa
- ⇒ Ruka 6:38 – “Ipa kuti newewo uzopiawo”

PAZVOSE ZVAUNOITA ITIRA KUPA MBIRI KUNA MWARI

Marimiro ekurima nenzira inodiwa naMqari

FfF inzira yatakapiwa naMwari kuti tikwanise kuchengetedza ivhu nemvura yekunaya, yaanotipa.

- Mumasango akasikwa naMwari haumboone pakarimwa negejo.
- Gumbeze raMwari, ndiro zita ratinopa kumashizha nezvimwe zvinodonera pasi zvichibva pamiti, zvatinooona mumasango.
- Izvi zvinobatsira pakuderredza kukukurwa kwevhu nemvura yekunaya inenge yoyerera, nekuchengetedza mvura iri muvhu, yatinenge tapiwa naMwari, kuti inwiwe zvakanaka nezvirimwa zvinenge zviripo.
- Izvi zvinoderredza kushaikwa kwemvura inononaya zvakare zvichiderredza nhata nezvirwere zvingakanganise zvirimwa zvedu.
- Kurima negejo kunodhura saka kurudziro iri pakusarima negejo nekusapisa nekubvisa Gumbeze raMwari.

Chinangwa cheFfF.

Mwari anoda kuti TIKOHWE PAKURU kubva muvhu nenzira inoendeka ichipa hupfumi kuitira kuti:

- Tikudze Mwari nekusimudzira zita raJesu pazvose zvatinooita.
- Tibvise joko rekukumbira rinunza nzara, kushaya zvokupfeka, nehurombo.
- Tiriritire mhuri dzedu.
- Tikwanise kutengesa zvirimwa zvedu tichiwanisa nyika yedu zvekudya. Isu pachedu tinozokwanisa kuriritira mhuri dzedu nemazvo, kuvabhadharira mari dzechikoro, kutenga mbatya, kuwana pekugara pakanaka, zvipatara e.t.c. Tozokwanisa kutenga mbewu nezvinodiwa patinorima gore rinotevera.
- Tosunungurwa kubva muzvikwereti.
- Tokura kusvikia apo Mwari akatitarira.
- Todzidzisawo vamwe kuti vapfumewo kuburukidza nenzira yekurima iyi.
- Towana mukana wekuperidza Jesu kuburukidza nenzira yake yekurima.
- Tobatsira kusimbaradza makereke ari kunetseka nezvekudya kuti asimbe.
- Tobatanidzwa semuviri waJesu kuti tidzidzise nyika yose nzira yakanaka yekuvimbika mukubata basa rekurima nezvemabhizimusi.
- Toratidza nyika, nzira yekuvaka nayo Zimbabwe neAfrika yose.

KUTI ZVOSE IZVI ZVIITIKE.....

NGATIRIMEI NEMAZVO, TAKAVIMBIKA KUTI TIWANE HUPFUMI.

KUTI TIWANE HUPFUMI MUMARIMIRO EDU, ZVOSE ZVATINOITA NGAZVIITWE:

1. **NENGUVA** (Ronga pachri nenguva, nemazvo, usanonoke!)
2. **NEHUNYANZVI** (Itai zvose nemazvo, usanyepe, vimbika mumaitiro ako ose!)
3. **TISINGARASERASE** (Usarase nguva, ivhu, mvura, upfumi, zuva, mbeu, basa, simba, nemikana.)
4. **NERUFARO** (Kana ukaita zvinhu izvi zvekutanga wakavimbika usingazvishore, usingatsutsumwe kana kunzvenga nzvenga asi nemoyo wokutenda, Mwari achabvisa kutya kwese nekushaya tariro, okupa tariri nerufaro zvichakusimbaradza.)

Nzira yokurimanayo inodiwa naMwari inoitwa sezvizvi

a) Zvokushandisa zvinodiwa

- Mapadza
- Makomichi ekuyeresesa
- Zvitanda zvekuyeresesa
- Tambo dzekuyeresesa
- Feterza kana mafudze
- Mbeu

b) Kugadzirwa kwevhu

- Musashandisa gejo
- Musapisa
- Dzurai zvakasariira
- Bvisai sora mochengeta munda usina sora
- Taranganai nematero
- Makomba ekumberi ngaave kurenakure zvinoera 75cm
- Makomba anotevedzana ngaave kure nekure zvinoera 60cm
- Makomba anefetezeza ngaave nehudzamu hunosvika 8cm ivhu racherwa roenda kumatero emunda.
- Makomba emafudze ngaave nehudzamu hunosvika 15cm.
- Pedzesai kugadzirira kuopera kwaGumiguru

c) Kuisa Raimu


- Zvichienderana neivhu rako
- Isa mugomba rega rega

d) Kuisa Fetezeza

- Zvichienderana negohwo rawakanangana naro zvakare mbeu yauiyayo inokwanisa kubudisa gohwo rakadaro.
- Pakopera kwagumiguru ivawava nemufudze kana fetezeza woisa mumunda kusati kwanaya.
- Isa 12ml dzeD kana gaba remufudze kana ivhu repachuru.
- Isa mugomba zvakaenzana.
- Wofushira zvisomanan kusvikira hudzamu hwepachadyarwa mbeu hwanaka.

e) Kudyara

- Kana usati wadyara mbeu musu wa25 Mbudzi apo mvura yanaya zvakanaka, unorasikirwa nemasaga maviri nehafu pahekita musu wega wega waunorega Kudyara kubva ipapo.
- Kana mvura yaturuka dyara mushure memazuva anokwana maviri usanonoka.
- Isa mbeu nhatu mugomba rega rega, wozodzura imwe kana dzabuda dzose, unowana zvirimwa 44000 pahekita yega yega.
- Wodyara uchitevedza mutsara.
- Paunodyara chibage nenzungu hudzamu hwegomba ngahuenzane kureba nekureba kwebhokisi remachisa. Kufara kwebhokisi remachisa pakudyara mhunga, nehudzamu hwebhokisi remachisa pakudyara gorosi nesoya.
- Fushira gomba zvakanaka zvinoenzana nevhu rose uasasiye ivhu rakaumbika kana matombo pamusoro pembeu.
- Ngakusave nemashizha muvhu rakashandiswa kufushira gomba rinembeu. Asi fukidzai munda wese negumbeze ramwari.
- Sunflower nesoya bean ngazvidyarwe zvazvo pakati paZvita.



Mufananidzo wekugadzirira ivhu